maa ngi sant Yàlla mi delloo pexeem ya ci ay jax-jaxal

Jële na ñu ci Abdullah Ibn Abbaas -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Benn waay dafa mas a ñëw ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: yaw Yónente Yàlla bi, kenn ci nun de dana yég ci boppam dara Lu koy gaar loo xam ne mu nekk dóom moo koy gënal mu wax ko, mu ne ko: «Yàlla rekk a màgg, Yàlla rekk a màgg, maa ngi sant Yàlla mi delloo pexeem ya ci ay jax-jaxal».

[Wér na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak An-nasaa'iy ca Al-kubraa]

Leerarug hdiis bi : Benn waay daa ñëw ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- ne ko: yaw Yónente Yàlla bi, kenn ci nun de dana yég ci boppam mbir mu koy gaar waaye wax ko moom lu rëy la lool, ba tax na mu nekk dóom sax moo koy gënal mu di ko wax, Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daal di kàbbar ñaari yoon sant Yàlla mi delloo pexey Saytaane mu yam rekk ci jax-jaxal.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65012